



Pou Piblikasyon Imedya: 08/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PI BON PÈFÒMANS NAN NASYON AN SOU YON SÈL JOU NAN SIT VAKSINASYON AN MAS SIT JAVITS LA**

*Yo te administre 13,431 dòz samdi/dimanach epi yo te administre 13,713 dòz dimanch/lendi*

*Yo administre 123,124 dòz nan tout Eta New York nan dènye 24 èdtan yo*

*Jiska 11AM jodi a, founisè New York yo te administre 89% nan premye dòz yo*

[Tablodò Vaksen an](#) pral ajou chak jou pou bay mizajou sou pwogam vaksinasyon eta a; ale sou [ny.gov/vaccinetracker](https://ny.gov/vaccinetracker)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a sit vaksinasyon an mas la nan Sant Konvansyon Jacob K. Javits (Jacob K. Javits Convention Center) la nan Vil New York te pi byen pòfòme nan nasyon an samdi pou rive lendi. Sit la te administre 13,431 dòz pandan yon peryòd 24 èdtan samdi a ak dimanch lan, ak 13,713 dòz sou yon peryòd 24 èdtan dimanch lan ak lendi a. Yo te administre 123,124 dòz nan tout gwo rezo distribisyon New York la nan dènye 24 èdtan yo. Yo te livre total alokasyon vaksen federal semèn 12 lan bay founisè yo pou admistrasyon. Jiska 11:00 AM jodi a, founisè New York yo te administre 89 pousan nan premye dòz yo ki te livre jiska prezan yo. Alokasyon semèn 13 gouvènman federal la kòmanse nan mitan semèn sa.

"Nou kontinye travay avèk founisè ak lidè lokal yo nan tout Eta a san rete pou mete plis piki nan bra yo epi atenn tout Nouyòkè ki elijib aktyèlman yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Annatandan nou ap adrese dout yo epi travay pou elaji pi plis aksè pou nenpòt moun ki ap rankontre obstak pou yo pran yon randevou ak pou yo ale nan sit vaksinasyon an paske nou genyen devwa pou nou asire nou ke distribisyon vaksen an ekitab. Nou gen chans genyen yon patenè ki fyab nan Mezon Blanch (White House) lan, epi enfrastrikti distribisyon nou an isit la nan New York te pèmèt nou administre founiti ki ap vini yo yon fason ki efikas. Kounye a nou dwe kontinye pran tout prekosyon sou sekirite ki posib pou redwi pwopagasyon viris la, kidonk vaksinasyon yo pral genyen efè maksimòm lan."

Anviwon 10 milyon Nouyòkè elijib kounye a pou resevwa vaksen an. Gwo rezo distribisyon ak gran kantite popilasyon moun ki elijib New York yo lajman depase kantite founiti ki soti nan gouvènman federal la. Piske founiti an limite, nou ankouraje

Nouyòkè yo pou yo rete pasyan e nou konseye yo pou yo pa prezante nan sit vaksinasyon yo san randevou.

Yo te mete zouti evalyasyon '[Am I Eligible](#)' (Èske Mwen Elijib) la ajou pou moun ki gen komòbidite ak pwoblèm ki akonpaye yo avèk nouvo randevou yo ki te pibliye sou yon baz kontinyèl pandan semèn k ap vini yo. Nouyòkè yo ka itilize sa ki annapre yo pou montre ke yo kalifye:

- Lèt doktè, oswa
- Enfòmasyon medikal ki pwouve komòbidite a, oswa
- Sètifikasyon ki siyen

Chif pwogram vaksinasyon ki anba yo se pou dòz ki distribye epi livre nan New York pou pwogram vaksinasyon an, epi yo pa genyen ladan yo sa ki rezève pou pwogram Etablisman Swen Alontèm gouvènman federal la. Men yon repatisyon done sou baz kantite ki repòte bay Eta New York a 11 AM jodi a. Apati semèn 9 la, alokasyon total yo genyen kèk dòz vaksen anplis ke nou te redistribye nan pwogram Etablisman Swen Alontèm federal la. Alokasyon total ki anba a genyen ladan l 100 pousan alokasyon semèn 12 la k ap fin distribye bay sit founisè New York yo jodi a. Chif alokasyon semèn 12 la genyen ladan livrezon pou sit vaksinasyon an mas Eta New York-FEMA yo ak Patenarya Famasi An Detay Federal (Federal Retail Pharmacy Partnership) la.

#### **REPATISYON NAN TOUT ETA A**

Premye Dòz yo Resevwa - 4,227,090

Premye Dòz yo Bay - 3,746,905

Total Dòz yo Resevwa - 6,541,110

Total Dòz yo Administre - 5,640,706

<b>Rejyon</b>	<b>Kantite Dòz yo Resevwa Ototal (1ye ak 2yèm)</b>	<b>Kantite Dòz yo Administre Ototal (1ye ak 2yèm)</b>	<b>% Total Dòz yo Administre/Resevwa (1ye ak 2yèm)</b>
Capital Region	421,050	349,438	83%
Central New York	348,450	310,468	89%
Finger Lakes	405,355	354,086	87%
Long Island	774,570	672,789	87%
Mid-Hudson	626,065	519,605	83%
Mohawk Valley	180,255	158,919	88%
New York City	2,917,965	2,514,336	86%
North Country	204,560	189,403	93%

Southern Tier	228,405	192,102	84%
Western New York	434,435	379,560	87%
Nan tout Eta a	6,541,110	5,640,706	86%

	<b>1ye dòz yo livre konplètman bay Founisè New York yo</b>	<b>2yèm dòz yo livre konplètman bay Founisè New York</b>	<b>TOTAL</b>	<b>KIMILATIF</b>
<b>Semèn 1</b> Dòz k ap vini nan dat 12/14 - 12/20	163,650	0	163,650	163,650
<b>Semèn 2</b> Dòz k ap vini nan dat 12/21 - 12/27	452,125	0	452,125	615,775
<b>Semèn 3</b> Dòz k ap vini nan dat 12/28 - 01/03	227,395	0	227,395	843,170
<b>Semèn 4</b> Dòz k ap vini nan dat 01/04 - 01/10	239,025	165,150	404,175	1,247,345
<b>Semèn 5</b> Dòz k ap vini nan dat 01/11 - 01/17	221,315	119,925	341,240	1,588,585
<b>Semèn 6</b> Dòz k ap vini nan dat 01/18 - 01/24	250,400	462,395	712,795	2,301,380
<b>Semèn 7</b> Dòz k ap vini nan dat 01/25 - 01/31	260,150	239,525	499,675	2,801,055
<b>Semèn 8</b>	321,850	220,720	542,570	3,343,625

Dòz k ap vini nan dat 02/01 - 02/07				
Semèn 9 Dòz k ap vini nan dat 02/8 - 02/14	320,000	244,500	564,500	3,908,125
Semèn 10 Dòz ki ap rive 2/15 - 2/21	356,990	265,525	622,515	4,530,640
Semèn 11 Dòz k ap vini nan dat 2/22 - 2/28	393,530	305,780	699,310	5,229,950
Semèn 12 Dòz k ap vini nan dat 03/01 - 03/07*	1,020,660	290,500	1,311,160	6,541,110

\*Chif sa yo reprezante 100 pousan nan alokasyon semèn 12 vaksen Pfizer, Moderna ak Johnson & Johnson yo.

Jiskaprezan, founisè New York yo te administre 89 pousan premye dòz ke yo te resevwa nan men gouvènman federal la men akòz repatisyon limite gouvènman federal la, randevou yo te ranpli byen vit. Pou ou detèmine si ou elijib ak pran yon randevou nan yon sit vaksinasyon an mas Eta a jere, ou ka vizite sitwèb '[Èske M Elijib \(Am I Eligible\)](#)' a. Nouyòkè yo kapab rele depatman sante, famasi, doktè, oswa lopital lokal yo pou yo jwenn plis enfòmasyon ak pou yo pwograme randevou yo kote vaksen yo disponib.

[Tablodò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodò a pou reflekte mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a.

Nouyòkè ki sispèk fwod nan pwosesis distribisyon vaksen an ka rele kounye a nan 833-VAX-SCAM (833-829-7226) oswa voye imèl bay Depatman Sante a nan [STOPVAXFRAUD@health.ny.gov](mailto:STOPVAXFRAUD@health.ny.gov). Anplwaye liy ijans yo ap achemine plent yo bay ajans envestigasyon ki apwopriye yo pou asire ke Nouyòkè yo pwofite de travay Eta a pou vaksinen tout popilasyon ki kalifye a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)